# MWOYO WOMUNHU



Copyright ANGP

COPYRIGHT

ISBN 0 - 908412 - 10 - X

E-MAIL: info@angp.co.za
ALL NATIONS GOSPEL PUBLISHERS
P.O. BOX 2191, PRETORIA, 0001, R.S.A.

(A Gospel Literature Mission financed by donations)
(Reg. No. 1961/001798/08)

# MWOYO WOMUNHU TEMBERE YAMWARI KANA CHAPU YASATANI (1 Johane 3:4-10)

Buku rino harizi dzva. Kwatodarika makore 200 ratanga kushandurwa, rikashandurirwa mumarimi akawanda zvikuru. Vazhinji vakaona kuipa kwavo mwene somuchionioni, vakazvipa kuna Mwari, vakapiwa mimwoyo mitsva.

Kana iwe uchirava buku iri urangarire kuti rakaita sechionioni maungaona zvawakaita mumwoyo mako. Nyangwe iwe uri muhedeni, kana mukristu, mutendi kana murashiki, uchaona chiratidzo chomwoyo wako sezvaunoonekwa naMwari. Mwari haatariri pameso pavanhu, anoona zviri pamwoyo.

Satani ndiye ishe wenhema dzose, muchinda werima, uye mudzimu wenyika ino. Anozvitaridza somutumwa wechiedza (2 vaKorinte 11:13,14). Wakapofumadza ndangariro dzavasingatendi kuti vasaona rudo nokunaka kwaMwari noMuponesi Jesu Kristu (2 vaKorinte 4:4). Vatadzi vose navasingatendi vakafa uve vakapofumara nokuda kwomweya unobata muvana vokusaterera (VaEfeso 2:2). Kana vakasasvinudzwa meso vakaona kurashika

Copyright ANGP

kwavo, vachangosifamba nenzira inoenda kukuparadzwa.

Mwanakomana waMwari, iye Ishe Jesu, akaratidzwa kwetiri nemhaka iyi kuti aparadze mabasa aSatani (1 Joh. 3:8). Naizvozvo muzviise pasi paMwari, dzivisai Satani agokutizai. Swederai kuna Mwari, iye agoswedera kwamuri (Jak. 4:7,8).

Kana uchirava buku iri uchinanganidza zvifananidzo zvirimo, uchaona zvakaita mwoyo wako. Usaita mwene sousina chakaipa pamwoyo pako nokuti Shoko raMwari rinoti: "Kana tichiti, hatina zvitadzo, tinozvinyengedzera, chokwadi hachizi matiri. Kana tichizvireurura zvitadzo zvedu, iye wakatendeka nokururama, zvokuti anotiregerera zvitadzo zvedu, nokutinatsa pakusarurama kwose. Kana tichiti, hatina kutadza, tinomuita murevi wenhema, neshoko rake harizi matiri." (1 Joh. 1:8-10).

Anobata mwoyo wako ndiani, Mwari kana Satani? Uri nhapwa yezvivi kana uri muranda waMwari? Kana uchiona kuti uri pasi pesimba rezvivi usaramba asi udanidzire kuna Mwari, ukumbire iye kukusunungura naJesu Kristu wakaburukira pasi kuzotsvaka nokuwana

Copyright ANGP

vakarashika uye kuzoputsa simba rezvivi neraSatani pamusoro pedu. Naizvozvo usavanza zvakaipa zvako pamberi paMwari nokuti meso ake anofamba pose panyika asi uzviise kwaari nomwoyo wose agokunatsa.

Naizvozvo munhu "wakakomborerwa, wakakanganwirwa kudarika kwake, wakafukidzirwa zvivi zvake. Wakakomborerwa munhu usingaverengerwi zvakaipa naJehova; usinokunyengera pamweya wake" (Mapisarema 32:1,2). Ravawo Mapis. 51. Jesu anodana nanhasi achiti: "Uyai kwendiri imi mose makaneta, makaremerwa, ini ndichakuzorodzai" (Mateo 11:28).

Copyright ANGP

# 1. CHIFANANIDZO CHOKUTANGA



Copyright ANGP

**Chifananidzo ichi chinotiratidza zvakaita mwoyo womunhu wenhyika usina kuberekwa kutsva,**

unofambiswa nomweya wenyika ino uye nokuchiva kwenyama yake. Ndizvo zvakaita mwoyo sezvaunoonekwa naMwari. Meso matsvuku anoratidza kudakwa nedoro sezvatinorava paZvirevo 23:29-33 panoti: "Ndiani anoti: Haiwa! Ndiani anoti: Maiwe! Ndiani ano kukakavara? Ndiani ano kuchema? Ndiani ana mavanga pasine mhaka? Ndiani ana meso akatsvuka? Ndivo vanogarisa pawaini; ivo vanondotsvaka waini yakavenganiswa. Usatarira waini kana yakatsvuka, kana ichivaima mumukombe, kana ichitapira pakunwiwa Pakupedzisira inoruma senyoka, inobaya semvumbi. Meso ako achaona zvisingazikanwi. Mwoyo uchabudisa zvisakarurama."

Copyright ANGP

Panyasi pomusoro panoonekwa chifananidzo chomwoyo wakagarwa nezvikara zvamarudzi, ndokuti zvitadzo zvakawanda. Nokuti mwoyo ndihwo ugaro hwezvitadzo zvedu. Mwari anotaura nesu nomuprofita Jeremia achiti: "Nokuti mwoyo unonyengera kupfuura zvinhu zvose, wakaora chose, ndiani angauziva?" (Jeremia 17:9). Jesu anosimbisa mashoko awa achiti: "Nokuti mumwoyo munobuda mifungo yakaipa, nokuuraya, noufeve, noupombwe,

nokuba, nokupupura nhema, nokumhura Mwari" (Mat. 15:19).



1. Shiri. Shiri iyi inonzi nechirungu "Peacock". Inoukomba hunoshamisa. Shiri iyi inotiratidza chivi chokuzvikudza. Lucifer (ndokuti nyamasase) waimbova mutumwa mukuru waMwari akasvika pakuwa nenzira yokuzvikudza (Isaya 14:9-17).

Copyright ANGP

Kuzvikudza kunoonekwa nemitoo mizhinji. Vamwe vanodada nefuma yavo, vamwe nokudzidza kwavo. Vamwe vanoda kuzvitaridza pamberi pavanhu nezvavakafuka uye nezvishongo zvavo zvamadikausi namakoza nepini. Vamwe vanoti tina mangoromera kuti vagozvikudza nesimba ravo. Vakadai vanokanganwa shoko rinoti: "Mwari anodzivisa vanozvikudza, asi anopa nyasha vanozvininipisa" (1 Pet. 5:5). PaZvir. 8:13 panoti kuzvikudza namanyawi zvinofanira

kuvengwa uye paZvir. 16:18 panoti: "Kuzvikudza kunotangira kuparadzwa; uye mweya wamanyawi unotangira kuwa."



2. Imbwa. Imbwa inotifananidzira zvivi zvoupombwe noufeve. Imbwa inoisa svina yayo pose painofamba. Ndizvo zvinoita vanhu vazhinji. Pavanofamba, vanoita ukama navakadzi vakaipa. Makomboni azere namahure navanoshamwaridzana nawo. Chirwere chavakadzi nenjovera yowanda chose. Zvitadzo izvi zvakapindawo mumimwoyo yavanhu vanonzi ndovekereke nyange muvabati vanofambisa Shoko raMwari. Haiwa svina yawanda pamimwoyo yavazhinji. VaSvutu naMandevere naVakarangawo vanoti vanhu vanokara kudai imbwa. Vakuru vekare vaipa vaiti voupombwe shamhu huru chose. Ivo vangazovawo zvapupu pamusoro pezvitadzo zvamazuva ano, pazuva rokutongwa. "Tizai upombwe. Zvitadzo zvose

Copyright ANGP

zvinoitwa nomunhu, zviri kunze kwomuviri, asi unoita upombwe, unotadzira muviri wake. Hamuzivi here kuti muviri wenyu itembere yoMweva Mutsvene uri mukati menyu, wamakapiwa naMwari". Awa mashoko ndaaMwari. Pamwezve panoti "Ko hamuzivi kuti muri tembere yaMwari, uye kuti Mweya waMwari, unogara mukati menyu here? Kana munhu achitadzira tembere yaMwari, Mwari achamutadzirawo, nokuti tembere yaMwari itsvene, ndimi iyo". (1 VaKor. 3:16,17; 1 VaKor. 6:15-20).


Copyright ANGP

3. Nguruve. Nguruve inofananidzira zvitadzo zvokudakwa namadyo. Nguruve haiguti, uye inodya zvose isingashari. Chakaora nechakashata nechinonhuwa, zvose ndizvo zvokudya zvenguruve. Ndizvo zvakaita vamwe vanhu. Vanodya nyama yezvakafa zvoga. Neropa vanoridyawo – zvinhu zvakanzi naMwari

zvisadyiwa (Mab. 15:20). Uyezve vanosvibisa miviri yavo nokusvuta fodya nembanje nokunwa doro kusvikira vasungwa chose vasingagoni kuzvirega. Kana watanga kukara uchikarira zvinhu izvi, mwoyo unongoramba uchiti, Ndipe! Ndipe!

Kana riri doro, Mwari anotitaurira pachena paShoko rake achiti hakuna mukariri wedoro angagara nhaka youshe hwaMwari. "Vane nhamo vakaita mhare pakunwa waini, navarume vane simba pakuvenganisa zvinobata" (Isaya 5:22). "Ane nhamo anopa wokwake zvinobata azvinwe, anovenganisiramo uturu hwenyu, muchimudakisawo, kuti muone kushama kwavo" (Habakuki 2:15). "Rudimbwa, nembira, nengoma nebasa raJehova, havarangariri zvakaitwa namaoko ake" (Isaya 5:12). Pa 1 VaKor. 6:9,10 panoti: "Musarasika; nokuti vaya vanokarira vakadzi, navanonamata zvifananidzo, nemhombwe, navanopata, navarume vanoita zvakaipa navamwe varumwe, nembava, navano ruchiva, navanoraradza, navanotuka vamwe, namakororo, havangagari nhaka youshe hwaMwari." Hezvinozve zvimwe zvitadzo zvenyama yedu zviri pachena: "Upombwe, netsvina, nokukara, nokunamata zvifananidzo,

Copyright ANGP

nouroyi, noruvengo, nokukakavadzana, negodo, nokutsamwa, nokuzvida, nokupesana, nokugodorana, nokuraradza, nokutamba kwakaipa." (VaGaratia 5:20,21).

Kuna vose vane nyota Jesu anoti: "Ani nani, kana ane nyota, ngaauye kwandiri, anwe" (Johane 7:37).



Copyright

4. Kamba. Kufamba kwekamba kunonzwisa usimbe, Ndicho chiratidzo chavanhu vanononoka, vanoti tichati toita, vano usimbe. Uyezve makwande ayo anoshoperesa pana mamwe marudzi saka anotiyeudzira kushopera nounganga nouroyi.

Usimbe hunotikonesa kunyengetera nokurava Shoko raMwari nokufambira vamwe nokuinda kukereke. Mbavawo inoba nokuti inonzwa usimbe hwokubata. Kunonoka kunobereka kurashika. Vazhinji vakarashika vakaenda kugomba

romwoto nemhaka yokunonoka kuzvipa kuna Mwari. Shoko raMwari rinoti: "Nhasi kana muchinzwa inzwi rake, musawomesa mwoyo yenyu" (VaHeberu 3:7,8). Zvamangwana zvinozikanwa nani?

Vamwe vatema vanosibata namakwande ekamba vachishopera kana kuita zvimwe zvounganga nawo. Saka muchifananidzo chedu tinoyeudzirwa zvitadzo zvokushopera nouroyi nounganga hwakaipa nokuuka uye kutenda nokutya zvinhu zvakadai. Zvikuru panhambo yokurwara nenjodzi, zvitadzo zvakadai zvinoonekwa. Mwari anotaura paShoko rake achiti: "Pakati pako hapafaniri kuwanikwa munhu unopinza mwanakomana wake kana mwanasikana wake mumwoto kana, unouka, kana unotenda mashura, kana unoita mazango, kana muroyi, kana nganga, kana unobvunza vakafa. Nokuti vose vanoita zvinhu izvi vanonyangadza Jehova; nokuda kwezvinonyangadza izvi Jehova Mwari wako anovadzinga pamberi pako" (Deut. 18:1012). "Zvino kana vachiti kwamuri: Bvunzai masvikiro navauki, vanorira nokuita zeve-zeve – ko vanhu havafaniri kubvunza Mwari wavo here? Dzokerai kumurayiro nokuzvipupuriro! Kana

Copyright ANGP

vasingatauri sezvinoreva shoko iri, havangavi nechiedza chamangwanani" (Isaya 8:19,20).

"Kuno mumwe unorwara pakati penyu here? Ngaadane vakuru vekereke; ngavamunyengeterere, vamuzodze namafuta nezita raIshe. Kunyengetera kwokutenda kuchaponesa unorwara, Ishe uchamumutsa; kana akaita zvitadzo uchazvikanganwirwa" (Jakobo 5:14,15).

Iwe unorava buku iri, zvimwe Mwari anotaura newe achiti uzvireurure zvitadzo zvako, utendeuke, asi mweya wekamba uri pamwoyo pako uchiti usatendeuka nhasi, hauzati wanzwisisa, chimbofara hako paujaya noumhandara hwako ugoti wazvipa kuna Mwari pashure. Kana uchiterera inzwi iri usingatereri inzwi raMwari, mwoyo wako uchavangaradzwa ukadzamara wawoma samakwande ekamba.



Copyright ANGP

5. **Ingwe.** Ingwe chikara chinoukasha hwakaipa. Kuvenga nokutsamwa nokukasharara, zvinofambisa mwoyo womunhu ruzhinji zvichimusvitsa kunyange pakuuraya. Unotuka nokurwa navamwe ruzhinji achibetserwa nedoro. Asi Shoko raMwari rinoti: "Bvisai izvi zvose zvinoti: Hasha, nokutsamwa, nokuvenga, nokutuka, nokutaura zvinonyadzisa nomuromo wenyu". (VaKororse 3:8). Vamwe vanonwa zvinobata kuti vagowana simba rokutsiva zvavakatadzirwa asi Mwari anoti: (Musatsiva munhu chakaipa kana akuitirai chakaipa. Musatsiva, vadikanwa, asi mudziurire kutsamwa; nokuti kwakanyorwa, kuchinzi: Kutsiva ndokwangu, ini ndicharipipira – ndizvo zvinoreva Ishe" (VaRom. 12;17,19). Jesu wakatidzidzisa kuda vavengi vedu uye wakatipikira kuti zvitadzo zvedu zvingakanganwirwa kana tichikanganwira vane mhaka nesu.

Copyright ANGP



6. Nyoka. Nyoka yakanyengera madziteteguru edu ndokuputsa ukama hwomunhu noMusiki wake. Mwoyo waSatani wakazara negodo achiona kuti Adama naEva ndivo vapiwa ushe naMwari panyika vakapinda pachinhambo chake. Godo ndiro rakamufungisa zano rokuvaputsira pasi, ndokupinda munyoka akanyengera munhu. Ndiro godo iri raSatani rinomutsa mimwoyo yavazhinji kuti vachinyire vamwe nokuvatorera mufaro weimba. Vabati vaMwari vanonyonganiswa nokuda kwegodo kana vachiona kuti vamwe vanobata nesimba vachirumbidzwa. Zvirokwazvo Shoko raMwari rinoreva kwazvo panoti: "Godo rinokuvadza seSheori, kupisa kwaro ndiko kupisa kwomwoto." (Rwiyo Rukuru rwaSoromoni 8:6).

Copyright ANGP



7. Dacha. Pachifananidzo chomwoyo tinoonawo dacha. Dacha rinokarira nhope. Ndizvo zvakaita vamwe vanhu vanokarira nhope yenyika ino. Mari nefuma yose ndizvo zvavaotsvakisisa vasingatereri Shoko raMwari rinoti: "Kuda mari ndiwo mudzi wezvakaipa zvose" (1 Tim 6:10). Jesu wakarayirawo achiti: "Regai kuzviunganidzira fuma panyika, pane zvipfunho nengura zvinopedza, napane mbava dzinopaza dzichiba. Asi muzviunganidzire fuma kudenga pasine zvipfunho nengura zvinopedza, pasine mbava dzinopaza dzichiba. Nokuti pane fuma yako, nomwoyo wako uchavapowo" (Mat. 6:19-21). Kukarira zvapano pasi kunopfigira vanotambura, zvikwama zvavaya vakakomborerwa. Basa raMwari rinokoneswa kuenda mberi nemhaka yedacha iri pamimwoyo yemitezo. Ndicho chitadzo chakaurayisa. Akani nemhuri yake yose, iye aba mari nezvinokosha

Copyright ANGP

muJeriko. Kukarira mari ndiko kwakawomesa mwoyo waJudasi Iskarioti akatengisa Tenzi wake Jesu namasirveri ana makumi matatu. Saka "Chenjerai, muzvichengete pakuchiva kwose, nokuti upenyu hwomunhu hahuzi pazvinhu zvakawanda zvaanazvo." (Ruka 12:15).



Copyright ANGP


8. Satani. Satani ndiye murisi wezvikara zvose zvataona pamwoyo womunhu. Ndiyewo baba venhema dzose. Jesu wakati: "Imi muri vababa venyu Diaborosi, munoda kuita kuda kwakaipa kwababa venyu. Iye wakanga ari muurayi kubva pakutanga, haamiri muzvokwadi, nokuti maari hamune zvokwadi. Kana achireva nhema, unoreva zvake, nokuti ndiye wenhema, uye baba vadzo" (Joh. 8:44). Unogara achireva nhema una Satani pamwoyo pake chose. Nyangwe kunyengera kwokubata kumeso kana kuzvitaridza somutendi, inhemawo. Satani ugere pamwoyo. Tinonzwa kuti Jehova unovenga

"chapupu chinonyengera chinoreva nhema" (Zvirevo 6:16,19). Rimwe zuva uya waisirarama nenhema uchakaruka apfigirwa kunze kwokudenga nokuti Shoko risingashanduki rinoti: "Kunze ndiko kune imbwa, navaroyi, nemhombwe, navaurayi, navanonamata zvifananidzo, navose vanoda nhema vachidziita" (Zvakazarurwa 22:15).



Copyright ANGP

9. Nyeredzi. Nyeredzi iri mumwoyo inofananidzira hana yomunhu. Pano haipenyi zvakanaka nokuti yakasvibiswa nezvitadzo. Hana haichagoni kureva kwazvo kuti chakati chakaipa nokuti kana tichigozhesa mwoyo tinokomadza hana dzedu. PaTim. 4:2 tinorava zvavanhu vakapiswa pahana dzavo nedare rinopisa.



10. Ziso. Ziso raMwari rinoona zvose zviri mumwoyo. Hakuna chakavanzika pameso ake. Unoziva nyangwe kufunga kwakadzika kwomwoyo.



Copyright ANGP

11. Marimi omwoto. Marimi omwoto akakomberedza mwoyo anoratidza rudo rwaMwari runoda mwoyo womunhu. Kunyangwe Mwari achivenga zvitadzo, anoda munhu. Haafariri kuparadzwa kwomunhu asi unoshuva kuti mutadzi auye kwaari achichema zvitadzo zvake agowana upenyu. Kuno mufaro mukuru mukudenga pamusoro pomutadzi mumwe anotendeuka. Rudo rwaMwari runotsvaka kupinda mumwoyo womunhu.



12. Njiva. Njiva inoreva Mweya Mutsvene waMwari, uri Mweya wazvokwadi, unozivisa munhu zvitadzo zvake uye pamusoro pokururama nokutongwa. Pano tinoona Mweya Mutsvene ari kunze kwomwoyo nokuti haagari mumwoyo, unobatwa ushe nezvitadzo.

Copyright ANGP



13. **Mutumwa.** Mutumwa unofananidzira Shoko raMwari rinotsvaka kutaura nomunhu wakadakwa nokukarira zvitadzo nomufaro wenyika, kuti azarure mwoyo wake, chiedza norudo rwaMwari zvigopinda mumwoyo make.

Kana iwe unorava buku iyi uchiona kuti mwoyo wako wakaita sechifananidzo chokutanga ichi, danidzira kuna Jesu, uzarure mwoyo wako, utendere chiedza cheShoko kukuvenekera. Tenda kuna Ishe Jesu Kristu ugoponeswa. Mwari wakapika kuti unoda kupa munhu mwoyo mutsva mukati make.

Copyright ANGP

## 2. CHIFANANIDZO CHECHIPIRI




**Chifananidzo ichi chinoratidza munhu uno mwoyo unorwadziwa pamusoro pezvitadzo zvake, zvino**

woda kutendeuka. Mutumwa wakabata munondo iro Shoko raMwari nokut "Shoko raMwari ibenyu, rine simba, rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira panoparadzana mwoyo nomweya namafundo nomwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzomwoyo" (VaHeberu 4:12). Shoko raMwari rinoyeudzira munhu iyeye kuti "mubayiro wezvivi indirwo rufu" uye kuti "vanhu vakatemerwa kuti vafe kamwe chete kutonga kugotevera" (VaHeberu 9:27). Mugove womutadzi nousingatendi "uri mudziva rinopfuta nomwoto nesurferi" (Zvakazarurwa 21:8)

Copyright ANGP

Muruoko rwaziboswe, mutumwa wakabata dehenya romunhu. Izvi ndezvokutirangaridza isu vatadzi kuti rimwe zuva tichafa tose. Miviri yedu yatinotsvaka kufadza, tichiifukidza nokuishongedza nokuipa zvose zvainokarira, iyoyi miviri iyi yatinodada nayo ichazofa ikadyiwa namakonye, asi mweya yedu ichagara narini narini kuti igondomira pamberi pechigaro chokutonga chaMwari.

Tinoona pano kuti mutadzi wotanga kurangarira Shoko raMwari. Mweya Mutsvene wotanga kuvenekera mumwoyo make. Chiedza chaMwari chodzinga rima. Rudo rwaMwari rwotanga

kudziyisa mwoyo unotonhora. Zvino chiedza zvochopinda, rima roenda, uye zvikara zvezvitadzo zvotiza. Naizvozvo iwe chitendera Jesu uye Chiedza chenyika, kupinda mumwoyo mako, ipapo namabasa erima zvichabuda mumwoyo mako. Ishe Jesu anoti: "Ndini chiedza chenyika; anonditevera haangatongofambi murima, asi achava nechiedza choupenyu" (Joh. 8:12). Haungatongogoni kudzinga rima riri mumwoyo mako nesimba rako kana njere dzako kana kudzidza kwako. Zarurira chiedza chaJesu, rima rezvitadzo rigotiza. Jesu wakati apinda mutembere yapaJerusarema, akadzinga vosemo vaitengesa nokutenga, tinonzwa kuti akawisa matafura avaitsinhanisa mari akati: "Kwakanyorwa kuchinzi: Imba yangu ichanzi imba yokunyengetera, asi imi munoiita bako ramakororo" (Mat. 21:13). Mwoyo wako wakatemerwa kuva imba yaMwari, tembere yaMwari. Anoda kugaramo nokuinatsa nokuizadza nechiedza uye rudo nomufaro. Jesu haana kungouya kuti tikanganwirwe zvitadzo zvedu koga asi wakauya kuti asunungure mimwoyo yedu parima napasimba rezvitadzo. "Naizvozvo kana Mwanakomana

Copyright ANGP

achikusunungurai, muchava vakasununguka kwazvo" (Joh. 8:36).

Copyright ANGP

# 3. CHIFANANIDZO CHECHITATU



Copyright ANGP

Zvino tinopiwa fananidzo yomwoyo womunhu anochema zvitadzo nokuzvininipisa. Ikozvino

woona kukura nokushata kwezvitadzo zvake zvose, zvaakarovererwa Jesu pamuchinjikwa pamusoro pazvo. Anoti achiona muchinjikwa wakabatwa nomutumwa, uye Shoko raMwari, mwoyo wake unoputsika neshungu. Zvino anoona rudo rukuru rwaMwari muna Jesu. Rudo urwu runonyausa mwoyo wake, zvikuru paanotanga kunzwisisa kuti Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari akauya kuzobvisa zvitadzo zvakawanda achifa pamuchinjikwa.

Shoko rokuti Jesu akatambura zvikuru, ziya rake rikaita samadonhwe eropa, uye kuti wakatsemurwa musana, uyezve wakabayiwa musoro neminzwa akabvoorwa zvanza zvake nembambo – izvi zvose zvinotanga kunzwisiswa nomutadzi anochema zvitadzo zvake. Zvino kana achiramba achirava Shoko raMwari anoona kuti akanga akarashika ari kure naMwari Shoko roita sechionioni maanoona zvakaita mwoyo wake. Kurwadziwa mwoyo kukuru kunobva kuna Mwari kunoonekwa paari, zvino achichema zvitadzo zvake pamberi paMwari, Jesu anouya paari. Anomuudza kuti ropa rake Iye Jesu rinomunatsa pazvitadzo zvose (1 Joh. 1:7). Ipapo rudo norugare rwaMwari zvinozadza mwoyo wake. Zvirokwazvo "Jehova ari pedyo

Copyright ANGP

nayane mwoyo yakaputsika, anoponesa vane mwoyo yakapwanyika" (Mapis. 34:18). Shoko rinorevazve richiti: "Ndicharangarira munhu uyu, iye murombo ano mweya wakaputsika, anodedera neshoko rangu" (Isaya 66:2). Zvino kana achitarira muchinjikwa waJesu, achirangarira ropa raJesu rakateurwapo, anogamuchira izvozvo zvose nokutenda kuti zvakaitirwa iye. Zvino wotanga kuziva kuti mutoro wezvitadzo wabviswa nokuti Jesu wakatakura njodzi dzedu. "Zvirokwazvo, wakatakura matenda edu, nokusimudza kurwadziwa kwedu … wakakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, wakarwadziwa nokuda kwezvakaipa zvedu." (Isaya 53:4,5).

Zvino chiedza choMweya Mutsvene chozadza mwoyo wakanga uri murima, asi zvino wakasukwa neropa raJesu (Isaya 1:18). Mweya Mutsvene anopupurirana nomweya wake kuti zvitadzo zvake zvakakanganwira uye wava mwana waMwari (VaRoma 8:16). Zvino unoziva kuti vanotenda kuna Jesu havachaparadzwi rava (1 VaKor. 6:10,11). Muna Jesu "tine dzikinuro maari neropa rake, iko kukanganwirwa kwokudarika kwedu, nokuwanda kwenyasha dzake." (VaEfeso 1:7). Munhu wakadaro

Copyright ANGP

haachakariri zvenyika asi wopanga kushumira Mwari wakatanga kumuda. Kare waiva norudo nenyika nezvayo, asi zvino mumwoyo make mava norudo naMwari nezvinhu zvaMwari.

Saka pachifananidzo ichi tinoona kuti zvikara zvezvitadzo zvava kunze kwomwoyo. Satani haafari kuti ndadzingwa mumba mandaigara saka anofamba achicheuka achiti dai ndadzokera makare. Jesuwo akatirayira kuti tirinde nokunyengetera uye kuti tidzivise Satani agotitiza.

Copyright ANGP

# 4.CHIFANANIDZO CHECHINA




Copyright ANGP

Chifananidzo ichi chinotiratidza mwoyo womunhu wakawana zororo noruponeso norufu rwaIshe

wedu Jesu. Zvino haana chimwe chaanovimba nacho, asi mumuchinjikwa waIshe wedu, Jesu Kristu bedzi; nokuti naye nyika yakaroverwa pamuchinjikwa kwandiri, neni ndakaroverwawo kunyika." (VaGar. 6:14). Munhu uyu wakagamuchira shoko rokuti: "Fambai noMweya ipapo hamungaiti kuchiva kwenyama." (VaGar. 5:16).

Pachifananidzo ichi tinoona mbiru pakanga pakasungirwa Jesu vasati vabvisa hazu dzake. Shamhu dzinoonekwa neyavakamutsemura nayowo nokuti "kurohwa kwakativigira rugare kwakanga kuri pamusoro pake. Wakakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu." (Isaya 53:5). Pamberi pamambo Herode Jesu wakazvidzwa uye pamberi pomutongi Pirato, wakarohwa ndokupfekedzwa hazu tsvuku dzokumudadira nadzo, ndokudzika hata yeminzwa mumusoro make pachinhambo chekorona yendarama. Vakamugwadamira vachimudadira ndokumupfira mate nokumurova kudzamara vaenda naye kundomurovera pamuchinjikwa. Tinoonawo samba yemari yaJudasi yaakapiwa atengesa Jesu. Mwenje namakechemu nezvimwe, ndizvo zvakabata navarwi kundosunga Jesu. Mabwe avakakanda mijenya nawo pamusoro pezvokufuka

Copyright ANGP


zvaJesu anoonekwawo. Varwi vakabaya rutivi rwaJesu nepfumo pakabuda ropa rakavengana nemvura. Gukurume rakarira, Petro aramba Jesu rutatu, avunziwa navashandiri. Ko iwe unopupura Jesu here usinganyari kureva zita rake?

Zvinhu zvose izvi zvinorangaridza mukristu, rudo rwaMwari kuti iye azvirambe atevere Jesu. Anoshingairira kururama achitsvaka rugare noutsvene "nokuti kunze kwahwo hakuna achaona Ishe." (VaHeberu 12:14). Iye haazati achiti wakwana paukristu asi "ndinoita chinhu chimwe; ndinokanganwa zviri shure, ndichinamatira kune zviri mberi, ndinoshingairira kunharidzano, kuti ndipiwe mubayiro wokudana kwaMwari kunobva kudenga, muna Kristu Jesu" (VaFiripi 3:13,14).

Copyright ANGP

Jesu mandibayirwa, Rondidzikinura;
Munemi ndovanda; Ndikanganwirei, Ishe!
Ropa rateurwa, Zvivi ndibvisirwe.

## 5. CHIFANANIDZO CHESHANU




**Pano tinoona mwoyo womunhu wakanatsiwa ukaitwa mutsvene nenyasha huru dzaMwari.**

Zvino mwoyo yava tembere chaiyo panogara Mwari Baba naJesu, noMweya Mutsvene. Jesu akapikira vadzidzi vake achiti: "Kana munhu achindida, achachengeta shoko rangu; naBaba vangu vachamuda tichauya kwaari, tikaita ugaro hwedu maari." (Joh. 14:23).

Mwoyo yava tembere yaMwari chaizvo. Zvitadzo zvakadzingwa. Pachinhambo chezvikara zvinotumwa naSatani baba venhema, tinoona zvino Mweya Mutsvene uri Mweya waZvokwadi ugere mumwoyo. Kare mwoyo waiva ugaro hwezvinonyadza zvenyama, zvino waita somunda kana somuti unobereka zvibereko zvoMweya zvinoti: "Rudo, nomufaro, norugare, nomwoyo murefu, nomwoyo munyoro, nokunaka, nokutendeka, nounyoro, nokuzvidzora." (VaGar. 5:22). Zvibereko izvi zvinoratidza kuti munhu uyu idavi riri muna Jesu rinobereka zvibereko zvakanaka (Johane 15:1-10). Kubva zuva raakazadzwa nokubapatidzwa noMweya, wakawana simba rokukunda kuchiva kwenyama nokurovera munhu wake wekare pamuchinjikwa. Haachafambi nezvaanonzwa kana kuona asi nokutenda nokuti kutenda kuna Jesu ndiko kukunda kwaanokunda nyika nako. (1 Joh. 5:4).

Copyright ANGP

Zvino anorarama netariro yakasimba achimirira kuuya kwaJesu pamakore.

“Vakaropafadzwa vakachena pamwoyo, nokuti vachaona Mwari” (Mat. 5:8). Mambo Davidi wakanyengetera achiti: Sikai mukati mangu mwoyo wakachena, Mwari; vandudzai mukati mangu mweya wakarurama” (Mapis. 51:10). Hakuna munhu anogona kuzvinatsa mwoyo wake. Ngaauye kuna Mwari sezvakaita Davidi akachema zvitadzo zvake akakumbira kusikirwa mwoyo mutsva. NdiMwari akataura achiti: “Ndichasasa mvura yakachena pamusoro penyu, muve vakachena; ndichakunatsai matsvina enyu ose nezvifananidzo zvenyu zvose. Ndichakupaiwo mwoyo mutsva, nokuisa mukati menyu mweya mutsva, ndichabvisa mwoyo webwe panyama yenyu, ndikupei mwoyo wenyama. Uye ndichaisa Mweya wangu mukati menyu, nokukufambisai nemitemo yangu; muchachengeta zvandakarayira nokuzviita” (Ezekieri 36:2527).

Pachifananidzo tinoonazve mutumwa waMwari nokuti vatumwa vakagadzwa kuti vashumire avo vachagara nhaka youpenyu husingaperi. (Rava Mapis. 34:7; Mapis. 91:11,12; Danieri 6:22; Mat. 2:13; Mat. 18:10; Mabasa 5:19; Mabasa 12:7-10).

Copyright ANGP

Satani aripowo. Amire mujinga momwoyo nokuti anoda kutsvaka chinhambo chokudzokera muugaro hwake hwekare Naizvozvo tinorayirwa kuchinzi: "Svinurai, murinde; muvengi wenyu Diaborosi, anofambafamba seshumba inorira, ichitsvaka waingaparadza" (1 Pet. 5:8). Kazhinji iye Satani akatora fananidzo yomutumwa wechiedza achinyengera mukristu, akazorora namaruva enyika. Asi kwanzi kana tichimudzivisa achatitiza (Jakobo 4:7).

Copyright ANGP

# 6. CHIFANANIDZO CHECHITANHATU




Pachifananidzo chechitanhatu tinoona mwoyo unoda kuterera manzwi emiidzo. Rimwe ziso

roda kutsinzina, ndiko kuti mukristu uyu wokotsira pautendi hwake, mwoyo wake wotonhora. Nerimwe ziso anoringaringa kune zvenyika asinganyari. Mumwoyo make chiedza chava chishoma, rudo haruchapisi.

Haachadi kuterera inzwi raMwari asi zeve-zeve romuvengi rokunyengera. Anopinda hake Svondo asi akavanza zvimwe muchifuva chake, Nyeredzi, iyo hana yake, yotanga kusviba. Haachatakuri muchinjikwa wake nomufaro asi womuremera. Kutenda kwake kwozununguka. Haachashongani naMwari pakunyengetera napakufarira kurava Shoko rake. Gare gare wopa muvengi nzvimbo pamwoyo pake. Wotanga kufarira nyaya dzavanhu venyika kupfuura kutaurirana navamwe vatendi.

Mweya weshiri wokuzvikudza wotanga kupinda. Wokanganwa kuti akaponeswa nenyasha dzaMwari dzoga. Wotanga kudada noukristu hwake. Kukarira doro kwogogodza pamwoyo pake kana achitamba neshamwari dzake dzenyika. Satani anoti kunwa kamwe hako kune mhaka here? Wotangazve kuva ne mifungo yokukara. Anotanga kuseka navamwe vanotamba nyaya dzakaipa dzavasikana kana vakomana. Kutamba nokudzana, kunopa mifungo yakaipa

Copyright ANGP

kwotanga kumufadza. Anoramba achitenda inzwi rinoti ichi nechichi chitadzo here?

Kuswedera pedyo nezvitadzo kudai ndiko kuswedera kumawere nokutamba nenyoka yakaipa. Izvo Shoko rinotiyeudzira zvakanaka kuti titize "kuchiva kwoujaya" uye pamwezve "tiza zvinhu izvi" (1 Tim. 6:11; 2 Tim. 2:22).

Munhu uyo, anomubaya nebanga ndivo vaya vanodadira vatendi. Mashoko avo okumhura ukristu anobaya mimwoyo yavatendi. Zvino munhu wakaita soyuyu wakatonhora pamwoyo, haatani kukundwa namashoko avo. Anotanga kutya vanhu kupfuura Mwari achitsvaka kuvafadza. Kana madambudzo ouya toona kutsamwa nokutya nokuora mwoyo. Nyoka yegodo inobva yowana painosenerera napo kana vamwe vodarika munhu uyu pakukunda mabasa avo nokurumbidzwa, kudzikana kuvenga kwapinda pamwoyo.

Kukarira mari hakumbotanisi kupinda mumwoyo kana tisingarangariri zvakareva Jesu paakati: "Rindai, munyengetere, kuti muregе kupinda mukuidzwa" (Mat. 26:41). "Naizvozvo, unoti ndinomira, ngaachenjere kuti arege kuwa" (1 VaKor. 10:12). Ngatishonge nhumbi dzose

Copyright ANGP

dzokurwa nadzo dzaMwari kuti tigone kumira tichirwa namano aSatani (VaEfeso 6:1118).

Copyright ANGP

# 7. CHIFANANIDZO CHECHINOMWE



Pachifananidzo ichi tinoona munhu wakadzokera shure ambovenekerwa, akaravira chipo chokudenga, akagoverwa Mweya Mutsvene. Zvinoratidzawo mwoyo womunhu ugere kumbochema zitadzo zvake nyangwe akamboparidzirwa Vangeri nemitoo mizhinji. Munhu, anowomesa mwoyo wake kana Jesu achigogodza pauri, acharamba achidzokera pasi kusvika ashata chose. "Mweya wetsvina kana wabuda kumunhu, unopota nenzvimbo dzakawoma, uchitsvaka zororo; kana akashayiwa, anoti: Ndichadzokera kumba kwangu kwandakabuda. Kana asvika anoiwana yatsvairwa, yanatswa. Ipapo anoenda ndokundotora mimwe mweya minomwe inoukunda nokuipa, ndokupinda, ndokugaramo; kuguma kwomunhu uyo kwakaipa kupfuura, kutanga kwake" (Ruka 11:24-26). "Zvinorehwa neshumo yazvokwadi ndizvo zvakaitwa kwavari, zvinoti: Imbwa yakadzokera kumarutsi ayo, nenguruve yakanga yashambidzwa, kukuumburuka mumatope" (2 Pet. 2:22).

Ndima idzi mbiri dzinoreva kwazvo zvakaita munhu wakadzokera shure, nomunhu wakawomesa mwoyo wake. Nyangwe chiso chake chinotaridza zvitadzo zviri mumwoyo. Mwoyo

Copyright ANGP

hauzati uchiri tembere yoMweya Mutsvene asi rave sinagoge raSatani. Mutumwa weVangeri anoenda asi anocheuka hake achiti zvimwe munhu achaita somukomana uya wakarashika, akandididazve akati: "Ndichasimuka ndiende kuna baba vangu, nditi kwavari: Baba ndakatadzira kudenga, napemberi penyu, handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu: mundiite somumwe wavaranda venyu" (Ruka 15:18,19). Baba vakati vachiona mwana wavo achidzoka nokuchema nokuzvimbura, vakamugamuchira nokumukanganwira.

Bva pachifananidzo ichi hakuna chiratidzo chokuchema zvitadzo hakuna kutendeuka, hakuna kutsaka kanganwiro pamakumbo aJesu. Hana yake yakapiswa nomwoto; zvino inyerere Nzeve anadzo asi haanzwi inzwi raJesu rinomunyengetera. Meso anawo asi haaoni mukaha kwaanoenda. Kunyangwe kunyara pamusoro pezvitadzo haachakunzwi. Satani agere sashe zvino pakati pmwoyo wake. Zvimwe munhu uyu angadada nezviri kunze zvakanaka "asi mukati muzere nokukara nokusavidzora, namafupa avakafa netsvina yose" (Mateo 23:25,27).

Copyright ANGP

Baba venhema vagere paugaro hwoMweya waZvokwadi. Chikara kana chitadzo chimwe nechimwe zvino chaperekedzwa nomweya wetsvina. Dzimwe nhambo munhu wedu anoda kurasha zvinhu izvi bva zvomukona nokuti asungwa. "Munhu, wakaramba murayiro waMosesi, anofa asinganzwirwi tsitsi, kana pane zvapupu zviviri kana zvitatu; hamufungi here kuti munhu wakatsika Mwanakomana pasi petsoka dzake, akati ropa resungano raakaitwa mutsvene naro harina maturo zvaro, akazvidza Mweya wenyasha, kuti iye haanganzi akafanirwa nokurohwa kunopfuura uku kwazvo here? Nokuti tinomuziva iya wakati: Kutsiva ndokwangu, ini ndicharipipira. Uyezve: Ishe achatonga mhosva dzavanhu vake. Zvinotyisa kuwira pamaoko aMwari mupenyu" (VaHeberu 10:238-31). Ravawo (2 Pet. 2:1-14).

Copyright ANGP

Hama, kana mwoyo wako wakaita souyu, danidzira kuna Mwari nokuchimbidzika nomwoyo wako wose. Uya somunhu uya wamaperembudzi uti: Jesu "kana muchida, munogona kundinatsa." Ishe Jesu wakapindura akati: "Ndinoda, chinatswa" (Marko 1:40,41). Asi ziva kwazvo kuti kana uchitsungirira pakuwomesa mwoyo wako uchifarira rima kupfuura chiedza, hakuna

tariro kana betsero nokuti unenge wasanangura rufu kudarika upenyu. “Nokuti mubayiro wezvivi ndirwo rufu” (VaRoma 6:23).

Copyright ANGP

# 8. CHIFANANIDZO CHORUSERE




Copyright ANGP


**Pano tinoona mutadzi waisiti ndichati ndotendeuka uye murashiki wasvika parufu**

rwake. Marangwanda amunoona ndirwo rufu rwamuvinga, agere kuzvigadzirira. Mufaro wenyika nezvitadzo zvapfuura. Hauchabetseri chinhu. Zvino mubayiro wezvitadzo, unotyisa zvikuru wotanga kuonekwa. Anoedza kunyengetera asi hazvichabviri. Mashoko ehama dzake okumuvaraidza haachadzingi kutya kukuru kwamuwira. Fuma yake yose yaakatambudzika achiiunganidza haichagoni kumunyaradza. Nyangwe akati ndirangarire Mwari, mweya yakaipa yomudzivisa. Wotyiswa zvikuru nokuwanda kwezvitadzo zvake.

Copyright ANGP

Zvino wonzwisisa kuti "zvinotyisa kuwira pamaoko aMwari mupenyu" (VaHeb. 10:31). Wakati zvimwe ndichawana nguva kwayo yandingayanana naMwari nyangwe musi wandinofa, asi zvino anoona kuti akanonoka. Vazhinji vanofa vasina kuzvigadzirira saka tsvakai Mwari achawanikwa. Pachinhambo chokunzwa mashoko okumusimbisa, mutadzi uyu wonzwa Mutongi mukuru achiti: "Ibvai kwandiri, imi makatukwa, muende kumwoto usingaperi, wakagadzirirwa Diaborosi navatumwa vake" (Mat. 25:41). Vanhu vakatemerwa "kuti vafe kamwe chete, kutongeswa kugotevera" (VaHeb. 9:27).

# 9. CHIFANANIDZO CHEPFUMBAMWE



Copyright ANGP

**Hechino chifananidzo chomukristu wakatsungirira kunya ngwe akaona miidzo**

yakawanda. Wakaramba amire asingazunun guswi akava "mukundi nokupfuurisa naJesu Kristu". Wakatanga nhangemutange youkristu akaimhanya asingacheuki "akatarira kuna Jesu muvambi nomukwanisi wokutenda" (VaHeb. 12:1,2). Satani nepfumo rake rose, wakakomberedza mwoyo, asi haagoni kunyengera mwana waMwari. Kuzvida nokukarira mari nomweya woufeve nezvimwe zvitadzo zvinoonekwa po. Pachinhambo chengwe tinoona dongi nokuti ruzhinji zvitadzo zvinouya zvinorumwe ruvara kana zvakavanda mujira, zvapiwa rimwe zita. Asi mutendi, akangwara, anoziurura zvitadzo kunyangwe zvichiuya kwaari noruvara rwokunyengedzera kana somutumwa wechiedza. Nokuti Shoko raMwari uye Mweya wazvokwadi zvinomutungamirira muzvokwadi yose.

Tinoonawo munhu anodzana akabata mukombe wedoro achiidza kukakatira mukristu kune zvinofadza zvenyika. Asi izvi haambovi nemhaka nazvo. Munhu wepirizve anobaya uyo nebanga. Kutaura zvakaipa zvenhema, nokumhura kwavavengi vaMwari navarashiki kunobaya mwoyo womutendi. Asi iye wakafa kune zvinotaura vanhu asi mupenyu kune zvinoreva

Mwari. Anorangarira mashoko aJesu anoti: "Makaropafadzwa imi, kana vachikuzvidzai, vachikutambudzai, vachikupomerai zvakaipa zvose nenhema, nokuda kwangu. Farai mufarise kwazvo nokuti mubayiro wenyu mukuru kudenga; nokuti vakatambudza saizvozvo vaprofita vakakutangirai" (Mat. 5:11,12).

Zvitadzo uye nyama (kubvira chindini uyezve Satani) zviri kuedza nomwoyo wose kuparadzanisa mukristu norudo rwaMwari. Asi anovimba neshoko rinoti: Ndianiko achatiparadzanisa norudo rwaKristu? Kutambudzika kana nhamo, kana kuvengwa, kana nzara, kana kushayiwa zvokufuka, kana njodzi, kana munondo here? Kwete, pazvinhu izvi zvose tiri vakundi nokupfuurisa naiye akatida. Nokuti ndinoziva kwazvo kuti kunyangwe rudo kana upenyu, kana vatumwa, kana vakuru, kana zvazvino, kana zvinouya kana masimba, kana kwakakwirira, kana kwakadzika, kana chinhu chimwe chakasikwa, hazvingagoni kutiparadzanisa norudo rwaMwari, ruri muna Kristu Jesu, Ishe wedu" (VaRoma 8:35-39). Munhu wedu anogona kumira pazuva rakaipa nokuti akashonga nhumbi dzose dzokurwa nadzo

Copyright ANGP

dzaMwari kuti akunde miedzo yose muna Kristu Jesu.

Nyeredzi yehana yake inopenya zvakanaka ichimuyeudzira zvitadzo zvinoda kumuvinga. Mwoyo wake uzere nokutenda noMweya Mutsvene. Mutumwa ari nechokumusoro kwake ndiro Shoko raMwari. Anomuyeudzira zvipikirwa zvinokosha zvaMwari zvakaravirwa avo vanokunda. "Anokunda, achapfekedzwa saizvozvo nguo chena; handingatongodzimi zita rake pabuku youpenyu, ndichapupura zita rake pamberi paBaba vangu, napamberi pavatumwa vavo" (Zvakaz. 3:5).

Hombodo yemari yakashama nokuti wakaikumikidza kuna Mwari. Haatambisi fuma yake asi anobetsera varombo nayo.
Zvegumi zvake nenhendo dzake nyangwe zvake zvose anopa Mwari. Sadza nehove zvinoreva kuti anoraramiswa nokudya kwakanaka. Zvinodakisa uye kudya kunoparadza mari uye fodya haazvibati. Anodya zvinongomuringana achizvidzora. Kereke inoreva kuti anosinyengetera achitaurirana naMwari wake nguva imwe neimwe. Kunze kwazvo haagoni kurarama sehove isingagoni kurarama kunze kwemvura. Buku rinoonekwa ndiro Baiberi

Copyright ANGP

rinogara rakazaruka paari. Anoridzidza mangwanani mamwe namamwe namadekwanazve, achiwana simba nechiedzamo, panzira yake. Wavawo munondo wake waanorwa nawo nomuvengi, uye chionioni chaanogara achitarira misi yose, kuona kana pamwoyo pake pasingauyi makwapa ezvitadzo. Ndicho chingwa chake chomwoyo chemise yose nemvura yokuponesa mweya wake.

Muchinjikwa wake anoutakura nomufaro nokuti anoziva kuti hakuna korona kana kusina muchinjikwa. Kubva zuva raakaziva kuti akamutsiwa pamwe chete naKristu, anotsvaka zvinhu zvokumusoro kunogara Kristu. Akaita somuti wakasimwa pamvura inofamba, unobereka zvibereko nenguva yawo. Ari davi romuzambiringa rigere muhunde richibereka zvibereko zvakawanda. Zvino akazvigadzirira kushongana noMusiki wake kana naJesu kana achiuya pamakore. Haachatyi rufu nokuti rudo runodzinga kutya. Rudo rwaMwari rwakadirwa mumwoyo make noMweya Mutsvene (1 Joh. 4:18; VaRoma 5:5; Amosi 4:12).

Copyright ANGP

# 10. CHIFANANIDZO CHEGUMI



Copyright ANGP

Jesu wakati: "Ndini kumuka noupenyu, anotenda kwandiri kunyangwe akafa, achararama. Mumwe

nomumwe, ari mupenyu, anotenda kwandiri, haangatongofi" (Joh. 11:25,26). "Zvirokwazvo zvifrokwazvo ndinoti kwamuri: Anonzwa shoko rangu, nokutenda wakandituma, ano upenyu husingaperi; haauyi mukutongwa, asi wabva murufu, waenda muupenyu" (Joh. 5:24). Rufu harurwadzi kana kutyisa mukristu. "Rufu rwakamedza nokukunda. Iwe rufu, kukunda kwako kuripiko? Iwe rufu, rumborera rwako ruripiko? … Zvino Mwari ngaaongwe, uyo anotipa kukunda naIshe wedu, Jesu Kristu" (1 VaKor. 15:54-57). Munhu wakararama muna Kristu anopinda murufu rwake nomufaro. Pauro wakati: "Ndinoda kubva, kuti ndive naKristu, nokuti ndizvo zvinopfuura nokunaka" (VaFir. 1:23).

Copyright ANGP

Mukristu anoshuva kuona chiso chaJesu uyo wakamutamburira pamuchinjikwa. Mweya Mutsvene anomurangaridza mashoko aJesu anoti: "Mwoyo yenyu irege kumanikidzwa; tendai kuna Mwari, mutendewo kwandiri. Mumba mababa vangu mune nzvimbo zhinji dzokugara … ndinozouyazve, ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo pandiri nemi mugovapowo" (Joh. 14:1-3).

Pachinhambo chamarangwanda atakaona pachifananidzo chorusere tinoona mutumwa waMwari wauya kuzotora mweya womunhu

wakashanangurwa, udzokere kuna Mwari. Mberi kworufu anomiririrwa naTenzi wake anomugamuchira namashoko awa: "Zvakanaka (hekanhi) muranda wakanaka, wakatendeka; wakanga wakatendeka pazvinhu zvishoma, ndichakuisa pamusoro pezvinhu zvizhinji; pinda pamufaro waIshe wako" (Mat. 25:21). Satani haachina simba pamusoro pake nokuti: "Chinhu chinokosha pamberi paJehova, ndirwo rufu rwavatsvene vake" (Mapis. 116:15). "Ipapo ndakanzwa inzwi richibva kudenga, richiti: Nyora, uti; Vakafa, vanofira muna Ishe vakaropafadzwa kubva zvino. Hongo, ndizvo zvinotaura Mweya, kuti vazorore pakubata kwavo kukuru, nokuti mabasa awo anovatevera" (Zvakazaruwa 14:13).

Copyright ANGP

Hama inodikanwa, Mwari akubetsere kuti umupe mwoyo wako nokuti iko zvino anokuchemera achiti: "Mwanakomana (mwanasikana) wangu, ndipe mwoyo wako" (Zvir. 23:26). Upe Jesu mwoyo wako wakaneta, wakaremerwa, iye achakupa mwoyo mutsva mukati mako. Usanyengerwa nomwoyo wako unonyengera kuti utevere kuchiva kwawo nokuti "anotenda mwoyo wake, ibenzi, asi anofamba nouchenjeri, acharwirwa (Zvir. 28:26). Rasha zvitadzo unamatire kurungama nokuti: "Mubayiro wezvivi ndirwo rufu; asi chipo chokungopiwa chaMwari ndihwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu, Ishe wedu" (VaRoma 6:23).

Zvino kana wakazvipa kuna Jesu batisisa mashoko akanaka aKristu Jesu ugorevawo zvakareva Pauro paakati: "Handinyadziswi, nokuti ndinoziva wandakatenda, ndinoziva kwazvo kuti anogona kuchengeta chandakamupa kusvika zuva irero" (2 Timotio 1:12).

"Zvino kuna iye anogona kukuchengetai, kuti murege kugumburwa, nokukuisai pamberi pokubwinya kwake musina chamungapomerwa, muchifara kwazvo, kuna Mwari iye mumwe, Muponesi wedu, naJesu Kristu, Ishe wedu, ngakuva kubwinya, noumambo, nesimba, noushe

Copyright ANGP

nguva isati yavapo, nazvino, nokusingaperi. Ameni" (Judasi 24,25).

1. Tarirai kune nyika uko!
Nokutenda toona iyo;
Bambo vedu vanogarapo,
Vachingogadzirira isu.

KORO:

Tichandofarawo
Musi watichazosvikako!
Tichandofarawo
Musi watichazosvikako!

2. Tichazondoimbira apo
Nziyo dzavadikanwa vaShe:
Mweya yedu ichafarawo,
Ichingozorodziwa naye.

3. Tichandounganira apo,
Tichandokudza zita raShe;
Nyasha dzake tichaongawo,
Tazopiwa zororo naye.

Copyright ANGP

## A SPECIAL WORD FROM ANGP
## UN MONDE SPÉCIAL DE L'ANGP
## UMA PALAVRA ESPECIAL DA ANGP

**This booklet "The Heart of Man" is available in over 538 languages and dialects spoken throughout the world (Africa, Asia, The Far East, South America, Europe, etc.) Our Heart Book is now also available on cell phones, tablets, etc from www.angp-hb.co.za or as an APP "Heart of Man" on Android phones.**

**Le livre du "Coeur de l'homme" peut etre obtenu en plus de 538 langues et dialectes parles dans le monde entier, a savoir: Afrique, Amerique, Asie, Extreme Orient, Europe. Notre Livre du Coeur est maintenant aussi disponible sur votre Telephone cellular, plaques, etc. de www.angp-hb.co.za ou comme une Application "Heart of Man" sur telephones Android.**

**Este livro "O Coracao do Homem" e obtfdo em mais de 538 linguas e dialectos falados em todo o mundo, a saber: (Africa, Asia, America do Sul, Extremo Oriente, Europa, etc). O nosso Livro O Coração do Homem tambem esta agora disponivel em telefone celular, tablets, etc. de www.angp-hb.co.za ou como um aplicativo "Heart of Man" nos telephones celulares Android.**

Copyright ANGP

**The 10 heart pictures contained in this booklet are also available in the form of large coloured picture charts (86 x 61cm) bound together in a set of 10 pictures. These "Heart Charts" can be obtained with European or African features and are particularly suitable to be used in conjunction with the Heart Book for class-teaching, open air evangelization etc. Kindly contact us to ascertain the latest subsidized price of this chart.**

**Les 10 images du coeur qui figurent dans ce livre peuvent etre obtenues en tableaux de couleur, format 86 x 61 cm, avec des physionomies europeennes ou africaines. Ils peuvent etre utilises en meme temps que le livre du coeur pour des classes bibliques, a l'ecole du dimanche ou lors de reunions de plein air. Soyez aimable de nous contacter pour assurer les derniers prix en cours du tableau.**

As 10 imagens do coracao, contidas neste livro podem ser obtidas num conjunto de 10 imagens em colorido no tamanho de (86 x 61 cm). Estes "Cartazes do Coracao podem ser obtfdos com caracterfsticas Europeias e Africanas e podem ser usados em conjuncao com o mesmo livro em classes de ensino biblico, evangelizacao ou ao ar livre. Agradeciamos que nos contacta- se para confirmacao do ultimo preco dos cartazes.



Kindly write to us if you are able to assist us with further translations of our free Gospel literature, informing us of the language into which you could translate this Gospel literature. Your assistance would be appreciated.

If you have found salvation in Christ, or have been otherwise blessed through our Gospel literature, please let us know. We would like to thank God with you, and remember you further in our prayers.

Copyright ANGP

Nous vous invitons a nous contacter pour faire des arrangements concernant de nouvelles traductions de notre litterature, nous informant de la langue dans laquelle vous pouvez traduire cette litterature evangelique. Votre aide sera beaucoup appreciee.

Si vous avez trouve le salut en Christ ou si vous avez ete beni par notre litterature, nous vous prions de nous le faire savoir. Nous aimerions remercier Dieu avec vous et prier pour vous.

Nos vos convidamos a nos contactar, afim de fazer qualquer arranjo concernente a novas traducoes de nossa literatura em outras lfnguas. Vossa assistencia sera muito apreciavel.

Se tem encontrado a salvacao em Cristo, ou se tem sido abencoado por intermedio da nossa literatura evangelica, faca o favor de nos informar. Pois nos gostarfamos de agradecer a Deus juntamente convosco, e lembra-lo sempre em nossas oracoes.

For free Gospel literature, books and tracts in over 538 languages, write to:

Pour obtenir gratuitement de la litterature evangelique, des livres et des traites en plus de 538 langues, ecrivez a:

Para obter gratuftamente a literatura evangelica, livros e folhetos em mais de 538 Ifnguas diferentes escreva para:


www.angp-hb.co.za

info@angp.co.za

**ALL NATIONS GOSPEL PUBLISHERS**

**P.O. Box 2191**

**PRETORIA**

**0001**

**R.S.A.**


Copyright ANGP

**A Gospel Literature Mission financed by donations**

**Une Mission de litterature evangelique financee de dons**

**Missao de literatura Evanqelica financiada por donativos**

**(Reg. No. 1961/001798/08)**

**The “HEART OF MAN” books can be viewed and downloaded using the following link:**

www.angp-hb.co.za